




# SIPÒTE FANMI YO

## YON GID POU SIPÒ AK SÈVIS POU FANMI

**Depatman Sèvis Devlopmantal**
**Mas 2023**







**Non:**______________________________________

# Lis Kontak

| Lis Kontak Biwo Zòn (Area Office, AO) | |
|---|---|
| Biwo Zòn | |
| Adrès | |
| Telefòn Prensipal | |
| Non Kowòdonatè Sèvis | |
| Telefòn Kowòdonatè Sèvis | |
| Imèl Kowòdonatè Sèvis | |
| Sipèvizè SC | |
| Telefòn Sipèvizè SC | |

| Lis Kontak Ajans Sipò pou Fanmi (Family Support, FS) Mwen | |
|---|---|
| Ajans Sipò pou Fanmi: | |
| Adrès: | |
| # Prensipal Ajans | |
| Non Navigatè Ajans | |
| Telefòn Navigatè Ajans | |
| Imèl Navigatè Ajans | |
| Non Direktè Pwogram Ajans | |
| Telefòn Direktè Pwogram Ajans | |

| Lòt Kontak Mwen yo | |
|---|---|
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |



# TABDÈMATYÈ
## ENTWODIKSYON


### KONSÈNAN SIPÒ POU FANMI
- Kisa ki Sipò pou Fanmi an?
- Prensip Gid pou Pwogram ak Sèvis Sipò pou Fanmi
- Sipò Entegre
- Pwogram Sipò pou Fanmi pou Moun Tout Laj
  - Sant Sipò pou Fanmi
  - Sant Sipò pou Otis
  - Pwogram Lidèchip pou Fanmi
  - Sèvis Sipò Lakay ak Kominotè
  - Finansman Fleksib
- Pwogram Espesyalize pou Timoun ak Jèn Adilt
  - Sèvis Sipò pou Fanmi ki Entansif ak Fleksib (IFFS)
  - Pwogram Konplèks nan Nivo Medikal
  - Pwogram DESE/DDS
  - Pwogram Egzansyon Otis pou Timoun
- Kisa ki Finansman Fleksib la?
  - Alokasyon Endividyèl Finansman Fleksib
  - Pwosesis Finansman Fleksib
  - Fason Ou Ka Itilize Finansman Fleksib (Depans ki Otorize)
  - Fason Ou Pa Ka Itilize Finansman Fleksib (Depans ki Pa Otorize)
  - Finansman Fleksib: Kesyon yo Poze Souvan

### KONSÈNAN DDS
- Elijibilite pou Sèvis DDS
- Wòl DDS Pandan Tout Lavi
- Wòl Biwo Zòn, Rejyonal ak Santral DDS yo
- Wòl Ajans Founisè DDS yo
- Aksè ak Lang
- Enfòmasyon Kontak pou DDS ak Sant Sipò pou Fanmi

### ZOUTI OU KA ITILIZE
- Konsèy pou Fanmi, Apati Fanmi yo
- Fèy Travay: Pòtfèy Charting the LifeCourse
- Lyen Itil pou Fanmi yo
- Rekonesans

# Konsènan DDS

Depatman Sèvis Devlopmantal (Department of Developmental Services, DDS) se ajans sante ak sèvis sosyal nan Massachusetts ki sèvi timoun ak granmoun ki gen andikap entelektyèl ak devlopmantal, ansanm ak fanmi yo.

Misyon nou se kreye, ansanm ak lòt moun, opòtinite inovatè ak reyèl pou moun ki gen andikap entelektyèl ak devlopmantal, ki gen ladan twoub espèk otis, pou vin manm ki totalman enplike nan kominote yo a.

Nou travay ak granmoun ki elijib pou konekte yo ak yon bann kalite sipò. Sa gen ladann travay ak sipò lajounen; lavi kominotè ak lòt sipò rezidansyèl; ak sipò pou fanmi ak moun k ap viv lakay yo. Nou travay avèk timoun yo ak fanmi yo pou bay èd avèk sèvis edikasyon yo.

## Konsènan Gid Sa a

Plizyè milye fanmi atravè Massachusetts pran swen pwòch yo ki gen andikap entelektyèl ak devlopmantal lakay yo. Pwogram sipò pou fanmi nou yo bay enfòmasyon, sèvis, ak sipò pou ede fanmi sa yo pou tout tan sa nesesè. Nou kreye gid sa a pou ede w konprann epi sèvi ak sistèm sipò fanmi DDS nou an, kit ou se yon fanmi oswa yon pwofesyonèl k ap ede fanmi yo.

Gid sa a ta dwe itilize ak Manyèl ak Direktiv Pwogram Sipò pou Fanmi DDS. Li te elabore ansanm avèk èd fanmi yo, founisè sipò pou fanmi yo, ak anplwaye DDS atravè eta a. Nou rekonèt wòl enpòtan fanmi yo jwe nan lavi pitit yo oswa fanmi ki gen yon andikap, epi nou pran angajman pou sipòte moun ak fanmi yo pou kreye yon "bon lavi".

Gid sa a ka ede fanmi yo nan plizyè fason:

1. Fanmi yo ka aprann sou divès pwogram sipò pou fanmi DDS genyen pou l ofri ak kijan pou itilize yo.
2. Li kapab mennen fanmi yo atravè pwosesis elijiblite DDS la, ki gen ladan fason pou jwenn èd ak aplikasyon an.
3. Li kapab ede fanmi yo jwenn sant sipò pou fanmi, kote fanmi yo ka jwenn èd pou jwenn ak itilize sèvis yo; konprann sistèm konplèks, tankou swen sante ak lekòl; epi konekte ak lòt fanmi yo.
4. Li kapab tou eksplike kijan DDS òganize; eksplike diferan wòl DDS ak anplwaye sipò fanmi yo; epi fè fanmi yo konnen ki moun ki ka ede yo ak diferan defi y ap fè fas.

Gid sa a disponib nan plizyè lang sou sit entènèt DDS la, nan www.mass.gov/dds-family-support



## Kisa ki Sipò pou Fanmi an?

Lè w gen yon manm fanmi ki gen yon andikap entelektyèl oswa devlopmantal k ap viv avèk ou, sèvis ak pwogram sipò pou fanmi yo disponib pou ede tout fanmi w nan plizyè fason. Ou ka jwenn èd nan dekouvri resous, konprann sistèm yo ak konekte ak lòt fanmi yo. Sipò sa yo pral bay yon varyete machandiz ak sèvis tou.

| | | |
|---|---|---|
| **Ede Fanmi yo Dekouvri Resous ak Enfòmasyon, epi Konprann Sistèm Sèvis yo** | • **Pataje Enfòmasyon** avèk fanmi yo sou andikap, sèvis, ak lòt resous kominotè yo<br>• **Ede fanmi yo konprann** sistèm tankou swen sante, lekòl, benefis piblik, ak plis ankò<br>• **Ede fanmi yo aplike pou elijibilite DDS** | • **Ede fanmi yo jwenn** yon varyete sèvis piblik ak resous<br>• **Bay fòmasyon** pou fanmi yo sou edikasyon espesyal, planifikasyon legal ak alavni, relasyon respektye, ak plis ankò<br>• **Ede fanmi yo konekte** ak resous nan kominote yo a |
| **Ede Fanmi ak Moun yo Konekte Youn ak Lòt** | • **Bay aktivite sosyal ak lwazi** pou moun nan ak tout fanmi an<br>• **Bay fòmasyon nan lidèchip fanmi** ak defannen sa ou bezwen | • **Rezo ak gwoup sipò** pou moun, paran, frè/sè, ak tout fanmi an<br>• **Konekte fanmi yo** nan kominote lokal yo pou sipò sosyal ak emosyonèl |
| **Founi Byen ak Sèvis pou Swen ak Sipò Chak Jou** | • **Pwogram espesyalize** pou fanmi timoun ki gen gwo bezwen sipò medikal oswa konpòtmantal<br>• **Enfòmasyon ak aksè** nan teknoloji ak ekipman adaptasyon | • **Sèvis lakay ou** oswa nan kominote w pou devlope konpetans, oswa pou pèmèt moun k ap pran swen yo pran yon ti poz<br>• **Finansman fleksib** ke fanmi yo ka itilize pou achte machandiz ak sèvis otorize yo |

Adapte apati Charting the LifeCourse: www.lifecoursetools.com

# Prensip Gid pou Sipò Fanmi

Founisè sipò pou fanmi ki gen kontra li yo ofri yon varyete sipò ak sèvis pou fanmi pou moun ki gen andikap entelektyèl ak devlopmantal, ansanm ak fanmi yo. Opsyon fleksib sa yo disponib pandan tout lavi epi yo dekri nan gid fanmi sa a. Objektif nou se travay ak fanmi ak moun yo pou yo ka viv lavi ki gen valè nan kominote lokal yo. Sèvis sipò pou fanmi yo baze sou prensip gid sa yo.

### FÒS AK RESOUS

Nou kwè ke chak moun ak fanmi gen fòs ak resous pèsonèl. Pwofesyonèl k ap sipòte moun ak fanmi yo ta dwe rekonèt epi ede devlope fòs sa yo.

### CHWA AK KONTWÒL

Moun ak fanmi yo ap gen opòtinite pou yo pran gwo desizyon konsènan sèvis manm fanmi yo.

### SIPÒ ALÈ

Nou vize pou bay fanmi yo sèvis ak sipò nan yon alè ak fasil.

### EKITE NAN AKSÈ

Nou vle bay moun ak fanmi yo aksè jis ak egal nan sèvis ak sipò atravè eta a. Gid fanmi sa a pral ede w aprann ki sèvis sipò pou fanmi ki disponib, epi kijan pou w jwenn sèvis ou bezwen yo.

### RESPÈ

Nou kwè ke fanmi yo ta dwe trete avèk respè epi opinyon yo ak desizyon yo gen valè. Sipò pou fanmi yo ta dwe ede moun ki gen yon andikap, ak fanmi yo, jwenn vizyon yo sou sa ki "yon bon lavi".

### PANDAN TOUT LAVI

Moun ak fanmi yo bezwen jwenn sipò pandan tout lavi yo atravè pwogram sipò pou fanmi yo pou yo ka reponn a bezwen fanmi yo pandan y ap chanje pi devan.

### SIPÒ FLEKSIB

Fanmi yo konnen bezwen manm fanmi yo ki gen yon andikap ak bezwen tout fanmi an. Sèvis sipò pou fanmi yo fonksyone pi byen lè yo fleksib epi ka satisfè bezwen inik moun ak fanmi yo.

### ENFÒMASYON AK REFERANS

Kowòdonatè sèvis DDS ak anplwaye sipò pou fanmi yo gen anpil konesans sou fason fanmi yo ka itilize yon varyete sèvis.

### SIPÒ BON JAN KALITE

Objektif nou se bay bon jan kalite sipò ak sèvis pou bezwen endividyèl ak fanmi. Si w pa satisfè avèk sipò w ak èd ou, tanpri di nou ki jan nou kapab

pi byen sipòte w.

### MANM KOMINOTE

DDS ak founisè sipò pou fanmi li yo pran angajman pou kreye koneksyon ki ede moun ki gen andikap yo vin manm konplè nan kominote yo.

### VALÈ KILTIRÈL

Sèvis sipò pou fanmi yo konprann ke moun ak fanmi yo ka gen divès kwayans kiltirèl epi yo ka prefere kominike nan lang ke yo pale regilyèman. Sa vle di ke nou pral eseye chèche konnen ki lang ki pi bon pou yo, epi answit bay entèpretasyon ak tradiksyon alè.

### KONSANTRE SOU TOUT FANMI AN

Sèvis sipò pou fanmi an se pou tout fanmi an, pa sèlman pou moun ki gen yon andikap.



# Nou Vle Ede Ou Devlope Tout Kalite Sipò!




Youn nan wòl pwogram sipò pou fanmi nou yo se ede fanmi yo jwenn ak itilize diferan sipò pou lavi chak jou yo, anplis sa DDS ofri. Anpil nan pwogram sipò pou fanmi nou yo itilize zouti Charting the LifeCourse pou ede fanmi yo fè plan ak rezoud pwoblèm. Etwal Sipò Entegre (Integrated Support Star) nan logo sa a ede nou sonje diferan sipò ak resous ke nou tout konte sou yo chak jou. Sa yo enkli zanmi ak vwazen, resous nan kominote nou an, ak teknoloji

- **Resous Pèsonèl ak Fòs** fè pati yon moun oswa fanmi. Li ta ka resous aktyèl, oswa li ta ka konesans, konpetans, fòs, pèsonalite, oswa kapasite moun nan oswa fanmi an.
- **Sipò ki Baze sou Relasyon** se moun ou konnen ki ka sipòte w. Sa ka gen ladan fanmi, zanmi, vwazen, kòlèg travay, ak lòt moun.
- **Teknoloji** ka nenpòt soti nan teknoloji espesyalize, tankou òdinatè pèsonèl, tablèt, ak telefòn entelijan, rive nan yon bagay ki senp tankou yon revèy.
- **Sipò ki Baze nan Kominote** se bagay sa yo ke nenpòt moun nan kominote a ka jwenn. Sa ka gen ladan sant kominotè, makèt, sekirite piblik, lopital, pak ak lwazi, transpò piblik oswa resous relijye.
- **Sipò Espesifik pou Elijibilite** enkli sèvis sa yo oswa bagay ke yon moun elijib pou yo, selon andikap, laj, revni, oswa lòt kritè espesifik. Sa enkli sèvis DDS.

Pou plis enfòmasyon sou Etwal Sipò Entegre a ak Charting the LifeCourse: [www.lifecoursetools.com](http://www.lifecoursetools.com)

# Sant Sipò pou Fanmi

Baz sistèm sipò fanmi nou an se sant sipò fanmi nou yo. Sant sipò pou fanmi yo disponib pou moun tout laj ki gen yon andikap entelektyèl oswa devlopmantal epi k ap viv ak manm fanmi yo—paran, matant oswa tonton, frè ak sè, elatriye. Sant sa yo ofri yon pakèt sèvis bay fanmi yo nan kominote yo a. Yo ede fanmi yo dekouvri nouvo resous, konprann kijan sistèm sipò yo fonksyone epi konekte ak lòt fanmi yo. Yo bay tou diferan byen ak sèvis pou ede fanmi yo. Pandan ke tout sant nou yo sipòte fanmi ki soti nan diferan kilti, kèk sant sipò pou fanmi bay sipò kiltirèl oswa lang espesifik. Sant sa yo itil espesyalman pou bezwen inik gwoup fanmi pou moun angle pa premye lang yo.

Tout pwogram sipò pou fanmi yo finanse atravè DDS men ajans founisè san bi likratif yo ki jere yo. Gen kèk sèvis ki disponib pou moun ak fanmi yo ke yo pa jwenn ki elijib pou sèvis DDS men gen anpil lòt opsyon ki disponib pou moun ki kalifye yo.

Sant sipò pou fanmi atravè eta a ke DDS finanse bay enfòmasyon, èd, ak yon varyete sèvis sipò bay fanmi ki gen timoun ak adilt ki gen andikap entelektyèl ak devlopmantal k ap viv lakay yo.

**Kijan yon sant sipò pou fanmi ka ede w?**

- Lè w bay enfòmasyon ak ede nan yon bann kalite sèvis. Men kèk nan sèvis sa yo.
  - Opòtinite sosyal ak lwazi.
  - Gwoup sipò pou paran, frè/sè ak lòt manm fanmi
  - Resous nan kominote ou
  - Benefis piblik ou ka kalifye pou yo
- Nan ofri chans pou w patisipe nan fòmasyon oswa resevwa enfòmasyon sou sijè tankou sa yo:
  - Opsyon gadyen ak Fidisi pou bezwen espesyal
  - Planifikasyon pou lavni
  - Edikasyon Espesyal ak IEP
  - Tranzisyon nan laj adilt
- Nan ofri opòtinite pou rankontre lòt fanmi atravè rezo ak aktivite sosyal ak kominote òganize.
- Nan ede w planifye, rezoud pwoblèm, epi devlope yon vizyon pou "yon bon lavi". Li ka ede w tou pataje vizyon sa a ak moun ki sipòte fanmi w.

"Depi nan moman ou aprann ke atant ou nan zafè paran te vreman ensifizan pou reponn ak defi sa a, ou chèche èd, ou pa konnen ki kote pou w ale. Erezman, moun ki te pase anvan yo te trase yon chemen, epi ou ka jwenn konsèy ak sipò pou prèske nenpòt pwoblèm ou ka imajine. Yon bon kote pou kòmanse se Sant Sipò pou Fanmi w lan". – Julie P.



# Sant Sipò pou Fanmi (swit)

**Sipò ou ka jwenn aksè ak yo kounye a! Kontakte sant sipò pou fanmi w lan!**

| Sèvis ki Disponib pou Tout Moun | Sèvis ki Disponib pou Fanmi DDS ki Elijib yo |
|---|---|
| • **Enfòmasyon ak Referans:** Rele sant nou an si w gen kesyon. Si yo pa gen repons yo, y ap di w kote pou w jwenn enfòmasyon ou bezwen yo.<br>• **Fòmasyon Fanmi** sou sijè enpòtan tankou edikasyon espesyal, zafè legal, benefis piblik, ak plis ankò.<br>• Opòtinite **Koneksyon ant Fanmi** pou moun konekte, tankou paran, granparan, frè ak sè, ak ou menm.<br>• **Aplikasyon Elijibilite pou DDS:** Sant sipò yo ka ede w aplike pou DDS | • **Itilizasyon Sèvis:** Ede fanmi yo konprann ki jan sistèm yo fonksyone pou yo ka jwenn sèvis tankou asirans sante, edikasyon espesyal, sèvis pou granmoun aje, elatriye. Anplwaye sant sipò pou fanmi yo ka bay èd sa a.<br>• Sant **Aktivite Sosyal/Lwazi** yo bay anpil aktivite sosyal epi tou ede fanmi yo aprann sou opòtinite nan kominote yo.<br>• **Koneksyon ak Resous Kominotè:** Ede fanmi yo aprann sa yo ka jwenn nan kominote yo pou lwazi, sipò emosyonèl ak espirityèl, asistans finansye, ak plis ankò.<br>• Yo bay **Finansman Fleksib** sou yon baz endividyèl, dapre bezwen inik fanmi ou ak disponiblite resous yo. Li ka itilize pou achte machandiz oswa sèvis, tankou ekipman adaptasyon, opòtinite lwazi, depans pou ijans akoutèm, ak plis ankò.<br>• Opòtinite **Konsiltasyon Endividyèl ak nan Ti Gwoup** pou fanmi yo jwenn enfòmasyon ak konsèy nan men pwofesyonèl sou sijè komen ki konplèks, tankou IEP oswa sipò pou konpòtman. |

Ou ka jwenn yon lis sant sipò pou fanmi ak kontak nan gid sa a, oswa nan Anyè Sipò pou Fanmi Eta a, nan: www.mass.gov/dds-family-support

# Sant Sipò pou Otis

Anplis sant sipò pou fanmi nou yo, DDS finanse sant sipò rejyonal pou otis yo atravè eta a. Sant sa yo ka ede abòde bezwen inik timoun ak adilt ki gen maladi espèk otis (Autism Spectrum Disorder, ASD), ak fanmi yo. Yo fèt pou travay avèk sèvis sant sipò pou fanmi nou yo bay, konsa fanmi yo ka sèvi ak sant sipò pou fanmi yo ak sant sipò pou otis yo.

Sant sipò pou otis yo ofri yon varyete sèvis. Kèk nan sèvis sa yo se enfòmasyon ak referans; gwoup sipò; aksè a dènye enfòmasyon sou otis, fòmasyon fanmi, rezo paran, ak konsèy; ak evènman sosyal/lwazi.

### Ki sa ki inik nan Sant Sipò pou Otis yo?

- Nan tout eta a, gen diferan kalite sant sipò pou otis. Gen kèk ki espesyalman konsantre sou sipòte fanmi ki gen timoun; lòt moun konsantre sèlman sou granmoun; ak kèk ki sipòte moun pandan tout lavi yo. Anpil sant sipò pou fanmi gen espesyalis otis tou, tankou sant sipò pou otis yo fè.
- Anpil nan sèvis yo bay yo sanble ak sant sipò pou fanmi regilye yo, men sèvis sa yo espesyalman se pou moun ak fanmi ki gen otis.
- Sant sipò pou otis yo ofri èd ak sipò pou adilt ki gen ASD ki kalifye pou DDS ki pa gen andikap entelektyèl, ak fanmi yo.
- Sant sipò pou otis yo ede moun ak fanmi yo konekte ak resous lokal yo ak founisè swen sante ki gen eksperyans nan sèvi timoun ak adilt ki gen ASD.
- Sant sa yo se kote w ap jwenn Pwogram Egzansyon Otis pou Timoun. Fanmi k ap patisipe nan pwogram sa yo pral travay nan tèt kole ak yon koutye nan sipò pou otis yo a. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a nan seksyon sou pwogram espesyalize pou timoun ak jèn adilt yo.

**Sipò ou ka jwenn aksè ak yo kounye a! Kontakte sant sipò otis ou a!**

| Sèvis ki Disponib pou Tout Moun | Sèvis ki Disponib pou Fanmi DDS ki Elijib yo |
|---|---|
| • **Enfòmasyon ak Referans** Rele sant nou an si w gen kesyon. Si yo pa gen repons yo, y ap di w kote pou w jwenn enfòmasyon ou bezwen yo.<br>• **Fòmasyon** sou sijè enpòtan tankou konpreyansyon otis, jesyon konpòtman, konpetans sosyal, ak plis ankò.<br>• Opòtinite **koneksyon** pou moun konekte, tankou paran, granparan, frè ak sè, ak moun ki gen otis.<br>• **Aplikasyon Elijibilite pou DDS:** Sant sipò pou otis yo ka ede w aplike pou DDS. | • **Sant Aktivite Sosyal/Lwazi** bay anpil aktivite sosyal pou timoun, granmoun, ak manm fanmi yo. Yo ede fanmi yo aprann tou sou opòtinite nan kominote yo.<br>• **Opòtinite Konsiltasyon Endividyèl ak nan Ti Gwoup** pou fanmi yo jwenn enfòmasyon ak konsèy nan men pwofesyonèl sou sijè komen konplèks, tankou IEP oswa sipò pou konpòtman.<br>• **Koneksyon ak Resous Kominotè** Ede fanmi yo aprann sou sa kominote yo ofri pou rekreyasyon, sipò emosyonèl ak espirityèl, asistans finansye, elatriye. |



# Yon Gwo Opòtinite pou Tout Fanmi

## Pwogram Lidèchip pou Fanmi

- Pwogram Lidèchip Fanmi nou yo gratis epi yo disponib pou nenpòt manm fanmi ki vle aprann plis nan men lòt fanmi yo.
- Pwogram sa yo bay edikasyon, fòmasyon pou lidèchip, ak konsèy pou fanmi ki gen ladan yon moun ki gen andikap k ap viv avèk yo.
- Seri Lidèchip Fanmi se yon fòmasyon gratis, entansif ki fèt pandan plizyè wikenn. Se yon opòtinite inik pou fanmi yo envesti nan tèt yo epi konekte ak lòt fanmi yo.
- Kontakte Mass. Families (www.massfamilies.org) oswa kowòdonatè sèvis DDS oswa sant sipò pou fanmi pou aprann plis.

## Sèvis Pèsonalize pou Moun k ap Viv ak Fanmi yo

Kòm yon pati nan pakèt opsyon sipò pou fanmi nou an, DDS te devlope sèvis sipò nan kay ak kominotè ki disponib pou timoun ak adilt k ap viv ak fanmi yo. Biwo Zòn lan finanse sèvis sa yo atravè alokasyon endividyèl ki baze sou sa yon moun bezwen ak ki resous ki disponib.

## Sèvis Sipò Lakay ak Kominotè (Sèvis SSQUAL)

- Sa yo se sèvis lakay ou oswa nan kominote w, selon bezwen manm fanmi w. Yo ka gen ladan sipò nan kay ki pèsonalize, sipò pou konpòtman, konpayon adilt, sipò kamarad, yon poz nan swen, ak plis ankò. Kèk nan sèvis sa yo disponib sèlman pou adilt; gen kèk ki pou timoun; ak kèk ki pou tou de.
- Se ajans ki kalifye e ke DDS fè kontra ki bay sèvis sa yo. Yo pafwa refere ak yo kòm "SSQUAL" (sèvis sipò/sèvis lis kalifikasyon).
- Yo bay sa yo sou yon baz endividyèl, dapre sa manm fanmi ou bezwen ak ki resous ki disponib. Anpil ajans sipò pou fanmi bay sèvis sipò lakay sa yo tou.
- Kontakte kowòdonatè sèvis DDS ou oswa sant sipò pou fanmi w lan pou w aprann plis.



# Pwogram Espesyalize pou Timoun ak Jèn Adilt

Tout sèvis sipò pou fanmi yo baze sou sa yon moun bezwen ak ki resous ki disponib. Si nenpòt nan sèvis ak pwogram ki endike anba la yo ka itil fanmi w, tanpri kontakte kowòdonatè sèvis DDS ou a oswa sant sipò pou fanmi w lan pou w aprann plis. Sèvis ak pwogram ki endike anba la yo se pwogram ki fèt espesyalman pou timoun ak jèn adilt. Nan pwochen paj la, w ap wè sèvis pèsonalize pou moun tout laj.

| | |
|---|---|
| **IFFS (Sèvs Sipò pou Fanmi ki Entansif ak Fleksib)** | • Pwogram akoutèm sa a ede fanmi yo lè y ap fè fas ak gwo defi ak enstabilite. Navigatè IFFS yo travay nan tèt kole ak fanmi yo pou apeprè 9–18 mwa, sa ki ede yo jwenn aksè nan diferan sèvis ki pral ede fanmi yo jwenn estabilite.<br>• Kontakte kowòdonatè sèvis DDS ou a pou w aprann plis. |
| **Pwogram Konplèks nan Nivo Medikal** | • Pwogram sa a ede fanmi yo jwenn enfòmasyon, resous, ak sipò emosyonèl ke yo bezwen pou pran swen pitit yo oswa jèn adilt yo (ki gen laj 3-25) ki gen bezwen medikal konplèks. Gen kèk kritè kalifikasyon espesifik ke fanmi yo dwe satisfè pou jwenn sèvis yo. Kritè sa yo enkli bezwen pou swen nan kay oswa swen medikal chak jou yo bay atravè yon fanmi oswa yon anplwaye ki resevwa fòmasyon pou kondisyon medikal kwonik ki kapab menase lavi yo.<br>• Kontakte kowòdonatè sèvis DDS ou a pou w aprann plis. |
| **Pwogram DESE/DDS** | • Pwogram sa a se yon patenarya ant DDS ak Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (Department of Elementary and Secondary Education, DESE).<br>• Li bay sèvis nan kay pou timoun ak jèn adilt ki gen laj 6–22 ki ka gen risk pou yo ale nan yon lekòl rezidansyèl.<br>• Fanmi yo aplike pandan Peryòd Enterè Ouvè. Fè kowòdonatè sèvis DDS ou a oswa sant sipò oou fanmi w lan konnen si w vle yo kontakte w lè w ap aksepte aplikasyon yo. |
| **Pwogram Egzansyon Otis pou Timoun** | • Bay sèvis nan kay pou timoun 3-9 ane ki gen otis. Timoun nan dwe satisfè kritè kalifikasyon espesifik, epi fanmi an dwe kalifye finansyèman pou Estanda MassHealth.<br>• Fanmi yo aplike pandan Peryòd Enskripsyon Ouvè. Fè kowòdonatè sèvis DDS ou a oswa sant sipò pou fanmi w konnen si w vle yo kontakte w lè yo aksepte aplikasyon yo |



# Alokasyon Endividyèl Finansman Fleksib

## Kisa ki Finansman Fleksib la?

DDS rekonèt ke gen yon manm fanmi ki gen yon andikap souvan vle di depans siplemantè. Finansman fleksib ede fanmi yo avèk kèk nan depans sa yo, dapre bezwen endividyèl fanmi an ak finansman ki disponib. Yo bay fanmi yo finansman sa a atravè sant sipò fanmi nou yo ak anpil nan pwogram sipò pou fanmi nou yo, k ap travay avèk Biwo Zòn DDS yo. Pafwa, yo bay finansman fleksib pou depans yon sèl fwa yo, epi pafwa yo bay li sou yon baz chak ane pou adrese bezwen kontinyèl yo. Pafwa, DDS ka kouvri yon depans an antye, epi lòt fwa nou ka kontribiye sèlman pasyèlman pou yon depans.

Anba a se yon apèsi sou fason yo jere finansman fleksib.

Fanmi yo diskite bezwen yo pou Finansman fleksib avèk anplwaye pwogram Sipò pou Fanmi yo oswa Kowòdonatè Sèvis DDS la. Ansanm, fanmi ak anplwaye yo konsidere lòt resous pou satisfè bezwen sa a. Si yo pral fè yon demann finansman fleksib, yo pral bezwen detèmine tou si demann lan sou lis ki otorize a, ak konbyen li pral koute.

↓

Kowòdonatè Sèvis DDS ak anplwaye Sipò pou Fanmi yo diskite sou nivo ak ijans bezwen yo, epi detèminen si gen lajan ki disponib pou sipòte bezwen sa a, swa an antye oswa an pati.

↓

Yo di fanmi an si lajan yo mande a disponib. Si yo apwouve, anplwaye Sant Sipò pou Fanmi an ranpli yon Plan Depans Fleksib epi fanmi an siyen l.

↓

Chèk Finansman Fleksib yo ka fèt dirèkteman bay yon machann, oswa bay fanmi kòm yon ranbousman oswa anvan yo fè yon acha. Yo dwe bay anplwaye Sipò pou Fanmi ou resi pou acha yo.

↓

# Fason Ou *Ka* Itilize Finansman Fleksib: Kategori Depans ki Otorize

Kategori ki anba yo dekri plizyè fason diferan ke fanmi yo ka itilize finansman fleksib. Tanpri sonje ke nou te enkli yon lis konplè kategori, men se sèlman eksplikasyon kout sou sa ki ka enkli nan chak kategori. Pou jwenn eksplikasyon konplè, kontakte kowòdonatè sèvis DDS ou a oswa sant sipò pou fanmi w, oswa telechaje *Manyèl ak Gid Pwogram Sipò pou Fanmi* yo sou sitwèb DDS la.

Chak fwa sa posib, fanmi yo ta dwe itilize lòt sous finansman ak sipò an premye. Kèk nan sous sa yo se asirans sante, lekòl ak lòt resous kominotè. Sa ede nou sèvi pi gwo kantite fanmi posib, epi pèmèt fanmi yo itilize finansman fleksib yo pou lòt bezwen priyoritè. Kowòdonatè sèvis DDS ak anplwaye sipò pou fanmi yo ka ede fanmi yo eseye jwenn lòt sous finansman anvan yo mande finansman fleksib atravè DDS.

| 1. Sipò pou Relèv |
| --- |
| Sa a bay fanmi yo yon ti repo nan responsablite pou bay swen yo, swa sou yon baz regilye oswa okazyonèl. Anjeneral, se yon moun k ap bay swen fanmi an chwazi ki bay sèvis yo, epi yo ka bay yo nan kay moun lan, nan kominote a, oswa nan diferan anviwònman andeyò kay la. |

| 2. Aktivite Lwazi ak Enklizyon Sosyal |
| --- |
| Sa yo se aktivite sosyal oswa sipò ki ogmante patisipasyon yon moun ak manm kominote yo a. Egzanp yo enkli kan, frè pou aktivite lwazi kominotè, sipò espesyalize pou yon moun patisipe nan yon vakans familyal, elatriye. |

| 3. Gadri |
| --- |
| Fanmi yo ka chwazi pou sèvi ak finansman yo pou kouvri yon pati nan depans pou sèvis tankou pwogram apre lekòl ak depans gadri pou pitit yo ki gen yon andikap. Lòt resous yo ta dwe itilize an premye. |

| 4. Sèvis Sipò Jesyon Lakay |
| --- |
| Sèvis sa yo ede nan travay jeneral nan kay la (tankou netwayaj, retire nèj, preparasyon manje, elatriye) lè moun k ap bay swen an bezwen èd pou yo ka pran swen manm fanmi yo ki gen yon andikap. |

| 5. Bezwen Ijans Akoutèm |
| --- |
| Asistans akoutèm yo ka bay yon sèl fwa, sa ki pa ka dire plis pase twa mwa nan yon ane fiskal. Ijans yo ka enkli manje, asistans lwaye, rad, lokasyon machin, elatriye. |

| 6. Evalyasyon Espesyalize epi Sèvis ak Sipò Terapetik |
| --- |
| Anvan yo itilize lajan DDS, fanmi yo dwe itilize lòt sous finansman (MassHealth/CBHI, asirans prive, lekòl, elatriye). Yo ka itilize pou sèvis ki baze sou prèv, tankou terapi okipasyonèl, fizik, lapawòl ak konpòtmantal atravè pwofesyonèl ki gen lisans, pou yon moun ki gen andikap. Lòt itilizasyon apwouve yo enkli depans pou swen dantè oswa swen medikal ki pa gen asirans ki kouvri yo (ki gen ladan ko-peman pou randevou medikal), ak medikaman. Prim asirans sante prive yo pa otorize, epi fanmi yo pa ka itilize lajan yo pou ajoute nan sa MassHealth peye pou sèvis ki nesesè medikalman. |

| 7. Ekipman ak Founiti Adapte |
| --- |
| Anvan yo itilize lajan DDS, fanmi yo dwe itilize lòt sous finansman (MassHealth, asirans prive, lekòl, elatriye). Kategori sa a gen ladan ekipman pèsonèl adapte ki pa gen asirans ki kouvri yo pou yon moun ki gen yon andikap. Egzanp yo enkli tablo pozisyònman, chèz espesyal, dlo oswa kabann lopital, èkondisyone oswa pirifikatè, jeneratè, ekipman sekirite, elatriye. Yo ka itilize pou òdinatè, tablèt ak lòt teknoloji asistans, ak aparèy pou kontwole sekirite pèsonèl pou benefisye yon moun ki gen andikap. **Nou ka ba w plis enfòmasyon sou sa.** |

| 8. Nitrisyon Espesyalize ak Rad |
| --- |
| Fanmi yo dwe itilize dabò lòt sous finansman (MassHealth, asirans prive, elatriye) anvan yo itilize lajan DDS yo. Gen ladan vitamin espesyal, manje espesyalize, ak sipleman dyetetik ke yon pwofesyonèl sante rekòmande oswa ke FDA apwouve. Finansman an ka itilize tou pou rad oswa soulye adapte, osi byen ke pou rad ranplasman akòz itilizasyon eksesif ak dechire ki gen rapò ak andikap moun nan. |



| 9. Depans Sèvis Piblik Espesyalize |
| --- |
| Sa gen ladan depans siplemantè chofaj oswa èkondisyone ki gen rapò espesyalman ak andikap yon moun, ki gen ladan depans siplemantè lè w ap itilize dèlko nan sitiyasyon ijans. |

| 10. Transpò |
| --- |
| Gen ladann gaz oswa kantite kilomèt ak lòt depans ki gen rapò ak vwayaj lè depans inabityèl ki soti nan pòch yo rive akòz ospitalizasyon ak/oswa randevou medikal ki gen rapò ak bezwen swen sante espesyal moun nan. Nòt: Ranbousman kantite kilomèt yo peye nan tarif Commonwealth Massachusetts (kounye a $.45/mil). |

| 11. Kwasans ak Anrichisman Pèsonèl |
| --- |
| Sa yo se sèvis oswa aktivite ki fèt pou ede moun aprann ak/oswa amelyore konpetans lakay yo oswa nan kominote yo, tankou itilize transpò piblik, prepare manje, pran kou enfòmatik oswa atistik, patisipe nan gwoup byennèt ak kondisyon fizik, elatriye. ka konsakre tou nan depans ki vize devlope yon plan fòmèl ki santre sou moun. |

| 12. Fòmasyon pou Fanmi |
| --- |
| Gen ladann peman frè enskripsyon ak frè pou manm fanmi yo ale nan fòmasyon ak konferans lokal yo ki bay konesans, konpetans, ak sipò pou pi byen pran swen manm fanmi yo ki gen yon andikap. Pa ajoute lojman ak vwayaj. |

| 13. Konsiltasyon ak Sipò Edikatif |
| --- |
| Fanmi yo ka itilize finansman pou jwenn konsiltasyon ak sipò pou pitit/jèn adilt yo ki gen dwa resevwa sèvis edikasyon espesyal. Sa ka gen ladan ede prepare fanmi yo pou reyinyon Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP) yo, ansanm ak patisipe nan reyinyon IEP avèk fanmi yo. Finansman pou sèvis sa a limite a $750.00 pa ane. Finansman sa a pa ka itilize pou peye yon avoka oswa lòt frè legal ki gen rapò ak kontestasyon edikatif. |

| 14. Modifikasyon nan Veyikil |
| --- |
| Yo ka itilize finansman sipò fanmi pou modifye veyikil yo. Veyikil y ap modifye a dwe se mwayen transpò prensipal pou moun nan epi li dwe espesyalman gen rapò ak fason andikap moun nan limite li. Sa a ka gen ladan lajan pou adapte yon nouvo ti bis oswa veyikil ke yon fanmi te achte oswa lwe. Lajan an ka disponib nan moman acha a oswa lokasyon an. Egzanp yo enkli asansè pou ti bis, dispozitif pou mare, ranp, ak ekipman espesyalize pou chèz. Fanmi yo pa ka itilize lajan an pou achte oswa lwe yon veyikil, oswa pou peye pou asirans otomobil oswa taks endirèk.<br><br>**Gen yon pwosesis apwobasyon davans (PA) pou nenpòt modifikasyon nan veyikil ki koute plis pase $1000.** Kòm yon pati nan pwosesis sa a, anplwaye sipò pou fanmi yo ta dwe ede fanmi an chèche diferan sous finansman, tankou asirans, òganizasyon sivik, ranmase lajan, ak lòt resous jeneral anvan w mande pou itilize yon alokasyon sipò pou fanmi pou yon modifikasyon nan veyikil. |

| 15. Modifikasyon nan Kay |
| --- |
| Yo ka itilize finansman sipò pou fanmi sèlman pou kontribiye nan depans pou adaptasyon nan kay fanmi an. Adaptasyon sa yo dwe dirèkteman benefisye moun ki gen yon andikap epi yo dwe gen rapò ak sante ak sekirite yo. Finansman sipò pou fanmi yo ka itilize sèlman pou renovasyon ki pral sipòte moun nan rezidans prensipal yo, epi yo dwe espesyalman gen rapò ak fason andikap moun nan limite fonksyon yo.<br><br>**Gen yon pwosesis PA pou nenpòt modifikasyon nan kay ki koute plis pase $1000.** Kòm yon pati nan pwosesis sa a, anplwaye sipò pou fanmi an ta dwe ede fanmi an chèche lòt sous finansman. Sous sa yo enkli asirans, òganizasyon sivik, ranmase lajan, ak lòt resous jeneral. Fanmi yo ta dwe itilize resous sa yo anvan yo mande pou yo itilize yon alokasyon sipò pou fanmi pou modifye kay yo. Anplwaye sipò pou fanmi yo dwe konsidere tou sèvi avèk modifikasyon pòtab pou akomode chanjman nan rezidans, gwosè moun nan, ak chanjman nan ekipman ak bezwen. |

| 16. Lòt Itilizasyon ki Apwouve |
| --- |
| Fanmi yo ka mande atik oswa opsyon inik oswa pèsonalize ki ta ka satisfè bezwen yo men ki pa nan lis ki pa otorize yo. |

# Fason Ou *Pa Ka* Itilize Finansman Fleksib: Kategori Depans ki Pa Otorize

| **Jeneral** |
|---|
| 1. Atik oswa aktivite ki gen benefis limite pou moun ki gen yon andikap. Yon egzanp se yon modifikasyon kay ki pa gen okenn enpak dirèk sou limite fonksyon moun ki gen andikap la; oswa atik ki koute chè anpil.<br>2. Nenpòt objektif ki ka mete an danje entegrite pwogram nan dirèkteman oswa endirèkteman—pa egzanp, move itilizasyon lajan, sipò pou konduit kriminèl, oswa nenpòt aktivite ki mete moun lan nan risk fizik oswa medikal.<br>3. Nenpòt objektif ki ka twò anvayi vi prive yon moun oswa ki ka vyole dwa moun yo.<br>4. Achte atik oswa sèvis ke règleman eta a pa otorize, ki gen ladan règleman Divizyon Sèvis Operasyonèl sou presyon pou litij kont Commonwealth la.<br>5. Bay oswa achte sèvis ki nòmalman gen lòt kòd sèvis DDS fè kontra ki kouvri yo. Kòd sèvis sa yo enkli, men yo pa limite a, sipò rezidansyèl andeyò kay fanmi an; travay; ak sèvis pwogram lajounen. Anjeneral, depans transpò ki asosye ak lòt kontra DDS, tankou sèvis lajounen ak travay, yo pa otorize eksepte nan sèten sikonstans, ke ou ka jwenn nan Kategori Otorize 10 (transpò). |
| **Medikal** |
| 6. Peman pou terapi, tretman, oswa medikaman ki pa baze sou prèv, ki gen ladan tretman oswa medikaman eksperimantal ak/oswa FDA (Federal Drug Administration) pa apwouve, sof si yo fè pati yon esè klinik apwouve.<br>7. Depans ki asosye ak CommonHealth ak lòt prim asirans sante prive. Lajan yo pa ka itilize tou pou ajoute nan tarif MassHealth oswa asirans prive pou sèvis ki nesesè medikalman. |
| **Depans Pèsonèl** |
| 8. Asistans finansye alontèm (plis pase twa mwa) pou peye pou bezwen debaz, tankou pwovizyon, lwaye, ipotèk, peman bòdwo sèvis piblik, elatriye.<br>9. Peman pou sipò lojman, tankou kapital yon ipotèk, peman inisyal sou yon rezidans, oswa taks oswa lòt bòdwo minisipal sou pwopriyete.<br>10. Peman pou achte oswa lwe yon veyikil, ki gen ladan depans asirans ak taks ki gen rapò.<br>11. Pati nan depans pou vakans fanmi oswa lokasyon lojman.<br>12. Klas ki bay kredi kolèj, ak enskripsyon ki gen rapò, frè, liv, manje, ak lojman rezidansyèl ki baze sou edikasyon. Lajan an pa ka itilize pou pwogram andeyò eta a. Gade Etablisman Edikatif ak Fòmasyon Apre Lekòl Segondè DDS - Oryantasyon Pwovizwa (Otòn 2018). |
| **Legal** |
| 13. Peye yon avoka oswa frè legal. Egzanp yo enkli frè ki gen rapò ak fidisi, petisyon imigrasyon oswa kontestasyon (sitwayènte), kontestasyon edikasyon, ak gad legal. Ajans Founisè Sipò pou Fanmi yo ak anplwaye DDS yo pral ede fanmi yo chèche resous altènatif si yon fanmi mande èd pou depans ki gen rapò ak gad legal. |
| ***Si yon founisè sipò pou fanmi pa sèten si yon demann se yon depans otorize, founisè sa a ta dwe mande kowòdonatè sèvis la sa. Si kontinye gen kesyon, kowòdonatè sèvis la ka pale ak Direktè/Reprezantan Zòn lan oswa Direktè Sipò pou Fanmi Rejyonal la.*** |



# Finansman Fleksib: Kesyon yo Poze Souvan

1. **Kijan mwen ka jwenn finansman fleksib?** Pale ak anplwaye sipò fanmi w oswa kowòdonatè sèvis DDS ou a konsènan bezwen fanmi w. Yo pral ede w detèmine si gen lòt fason pou satisfè bezwen w yo, epi si gen yon finansman fleksib ki disponib pou ede w.
2. **Kijan Biwo Zòn yo deside kiyès k ap jwenn alokasyon finansman fleksib?** Lè yon fanmi bezwen sipò finansye, kowòdonatè sèvis DDS yo ak anplwaye sipò fanmi yo eseye ede yo jwenn lòt opsyon finansman ak fason pou satisfè bezwen yo. Si lòt opsyon yo pa disponib, lè sa a y ap fè yon demann finansman fleksib. Tout finansman fleksib baze sou anpil faktè, tankou si bezwen an ka satisfè atravè lòt resous; disponiblite finansman; nivo ak ijans bezwen an, elatriye. Akòz kontrent bidjè, nou pa kapab bay finansman fleksib pou chak fanmi ki t ap benefisye de li, byenke nou reyèlman swete nou te kapab!
3. **Kijan mwen ka jwenn finansman fleksib mwen an?** Ou ka jwenn finansman fleksib nan youn nan twa fason: ou ka fè ajans sipò pou fanmi w lan peye yon founisè pou machandiz oswa sèvis pou ou; yo ka ranbouse ou pou depans ou gen resi; oswa ou ka jwenn yon alokasyon pou peye pou byen ak sèvis (apre sa w ap bezwen bay resi yo bay ajans sipò pou fanmi w la).
4. **Ki responsabilite m lè fanmi m jwennn finansman fleksib?** Si fanmi w jwenn finansman fleksib, w ap bezwen travay ak anplwaye sant sipò pou fanmi w pou planifye kijan pou w itilize finansman an dapre lis "depans ki otorize yo". Fanmi w pral siyen yon plan depans apresa. Si pita ou vle chanje fason ou itilize finansman fleksib ou a, li enpòtan pou fè anplwaye sipò pou fanmi ou konnen sa pou yo ka mete ajou plan depans ou a. Finalman, w ap oblije bay anplwaye sipò fanmi ou resi pou atik oswa sèvis ou achte avèk finansman fleksib la.
5. **Ki opsyon mwen genyen si mwen pa dakò ak yon desizyon konsènan finansman fleksib mwen an (pa egzanp, jan mwen depanse li, konbyen lajan fanmi mwen te resevwa, oswa si mwen te resevwa finansman an alè?** Si ou gen yon pwoblèm oswa enkyetid konsènan finansman fleksib, ou ta dwe diskite sou li an premye ak anplwaye sipò pou fanmi ou. Ou ka fè sa lè w itilize pwosesis ajans lan pou rezoud plent, si w vle. Si sa pa rezoud enkyetid ou a, nan ka sa a, kontakte kowòdonatè sèvis DDS ou oswa sipèvizè yo nan Biwo Zòn lan. Apre w fin eseye etap sa yo, ou ka pale ak direktè rejyonal sipò pou fanmi an sou pwoblèm ki poko rezoud oswa ki bezwen klarifikasyon.
6. **Èske fanmi mwen ka resevwa finansman fleksib menm si nou enskri nan fanmi dakèy pou adilt/fanmi (AFC) atravè MassHealth?** Finansman fleksib pou fanmi ki bay AFC nan kay fanmi an otorize sèlman pou rezon espesifik ki benefisye dirèkteman moun nan. Objektif sa yo enkli yon kou edikasyon pou adilt, fòmasyon vwayaj, byennèt oswa gwoup aktivite fizik, teknoloji asistans, oswa soulye adapte ke asirans pa kouvri. Kèk nan atik ki pa otorize yo enkli relèv, oswa peman bòdwo sèvis piblik yo. Si w jwenn AFC atravè MassHealth ak finansman fleksib atravè DDS, pale ak anplwaye sipò fanmi w oswa kowòdonatè sèvis DDS sou fason w ka itilize finansman w.



# Elijibilite pou Sèvis DDS

Pou jwenn sèvis ak sipò nan men DDS, yo dwe detèmine timoun ak adilt yo elijib dapre règleman Depatman an (gade 115 CMR 2.01 ak 6.0.) Sant sipò pou fanmi yo ka ede fanmi yo aplike pou sèvis DDS epi yo ka bay enfòmasyon ak referans bay fanmi ki poko elijib yo. Elijiblite pou sèvis DDS yo pral detèmine atravè yon pwosesis ekip elijibilite rejyonal la. Gen deskripsyon kritè elijibilite yo ak règleman elijibilite yo ki disponib sou entènèt nan www.mass.gov/dds.

Moun ak fanmi yo ka aplike nenpòt ki lè. DDS rekòmande pou jèn yo aplike pou sipò pou adilt lè yo gen ant 17 ak 18 ane. Sa ap pèmèt yon maksimòm tan pou planifye sèvis pou adilt yo, ki pi souvan kòmanse nan laj 22, epitou ki se lè sipò timoun yo fini. Fanmi an dwe ranpli yon aplikasyon pou sèvis adilt menm si moun nan deja elijib pou sèvis timoun yo.

Yon fwa ke yon moun elijib, tout planifikasyon ak sèvis yo bay an kowòdinasyon ak Biwo Zòn DDS lokal la

## Gen diferan kritè elijibilite ak aplikasyon pou timoun ak adilt yo.

| | |
|---|---|
| **Elijibilite pou Sipò pou Timoun: yo founi apati nesans a 22 ane** | • **0 a 5 ane:** moun nan gen yon *gwo reta nan devlopman,* jan yon klinisyen ki kalifye ak lisansye detèmine sa.<br>• **5 a 22 ane:** moun yo gen *yon andikap entelektyèl oswa yon andikap devlopmantal ki gen rapò sere*, epi ki lakòz gwo limit fonksyonèl, jan yon klinisyen kalifye, ki gen lisans detèmine epi DDS verifye. |
| **Elijibilite pou Sèvis Adilt: Founi apati 22 ane** | Gen de kategori elijibilite pou adilt:<br>1. Moun ki gen 22 ane oswa plis elijib pou sipò pou andikap entelektyèl si yo:<br>a. ap viv nan Massachusetts; epi<br>b. gen andikap entelektyèl jan sa defini nan 115 CMR 2.01: Definisyon.<br>2. Moun ki gen 22 ane oswa plis elijib pou sipò pou andikap devlopmantal kominotè si yo:<br>a. ap viv nan Massachusetts jan sa defini nan 115 CMR 6.04; epi<br>b. gen yon andikap nan devlopman (twoub espèk otis, Sendwòm Prader-Willi, oswa Sendwòm Smith-Magenis) jan sa defini nan 115 CMR 2.01: Definisyon; ak<br>c. jeneralman pa gen andikap entelektyèl jan sa defini nan 115 CMR 2.01: Definisyon. |

## Kontak Admisyon ak Elijibilite nan DDS

**Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis elijibilite a, ansanm ak fòm aplikasyon yo, sou sitwèb DDS la.**

**Rejyon Santral/Lwès**
140 High St. 1st Floor, Springfield, MA 01105. Liy Admisyon: (413) 205-0940. Nimewo Faks: (413) 205-1603

**Rejyon Nòdès**
Hogan Regional Center, PO Box A, Hathorne, MA 01937. Liy Admisyon: (978) 774-5000 x850
Nimewo Faks: (978) 739-0420

**Rejyon Metwopoliten**
465 Waverley Oaks Road, Suite 120, Waltham, MA 02452. Liy Admisyon: (781) 314-7513. Nimewo Faks: (781) 314-7539

**Rejyon Sidès**
151 Campanelli Drive, Suite B, Middleboro, MA 02346. Liy Admisyon: (508) 866-5000. Nimewo Faks: (617) 727-7822



## ETAP NAN PWOSESIS ELIJIBILITE DDS LA

| | |
|---|---|
